



REPUBLICQUE D'HAÏTI

**MINISTÈRE DE LA SANTE PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION**

No. 140

Port-au-Prince, le 29 avril 2020

AVI # 30
7èm lanmò anba kowonaviris nan peyi Dayiti

Ministè Sante Piblik koube l byen ba pou l enfòm popilasyon an li konfime yon 7èm lanmò anba maladi COVID-19 ki rive nan komin Dèlma jou ki 29 avril 2020 an bò 8è nan aswè. Moun ki mouri a se yon gason nan laj 20 lane ki t ap resevwa swen nan youn nan Sant tretman COVID-19 nan depatman lwès la. Jenn gason sa a t ap krache san, li te gen tous sèch, lafyèv, pwoblèm nan kè epi pwa kò li te twòp pou laj li. Tout sa yo te vin konplike ka li a.

Sitwayen sa a se youn pami 76 ka ki deja konfime nan peyi a jouk jounen jodi a.

Ministè a ap salye memwa konpatryòt sa a ki pati kite nou an pandan l swete fòs ak kouraj ak fanmi, zanmi epi tout moun lanmò sa a touche.

Ministè sante piblik ap mande tout popilasyon an pou yo fè plis pridans paske maladi nouvo kowonaviris la se yon reyelite, se ansanm n ap rive fè fas ak li lè nou:

- rete lakay nou;
- toujou lave men nou ;
- evite mete men nan je n, nan nen nou ak nan bouch nou ;
- sizoka nou ta gen ijans pou n soti, toujou sonje bay tout moun 3 pa distans epi toujou mete kachnen (mas).

KOWONAVIRIS PA YON JWÈT !

An nou youn veye sou lòt, an nou youn pwoteje lòt !

Marie Gréta Roy CLEMENT
Doktè Marie Gréta Roy CLEMENT
Minis




Tab.1: Distribution des cas et résultats de COVID-19 par département au 28 avril 2020, Haiti

Département	Cas suspects	Cas Confirmés	Décès	Taux de létalité
Ouest	534	50	2	4%
Artibonite	57	5	1	20%
Nord-Est	53	11	2	18%
Nord	43	0	0	-
Sud-Est	32	5	1	20%
Nippes	21	2	0	0%
Centre	45	2	0	0%
Sud	12	0	0	-
Nord-Ouest	8	1	0	0%
Grand Anse	5	0	0	-
Grand Total	810	76	6	8%

Source: MSPP/DELAR

Graphique 1: Distribution des cas confirmés de COVID-19 par Commune au 28 avril 2020, Haiti




Tab.2: Distribution des cas de COVID-19 par groupe d'age au 28 avril 2020, Haiti

Age Groupe	Cas suspects	Cas Confirmés	Décès	Taux de positivité	Taux de létalité
0-19 ans	121	6	1	5%	17%
20-44 ans	448	39	2	9%	5%
45-64 ans	173	22	2	13%	9%
65 ans et +	68	9	1	15%	11%
Grand Total	810	76	6	10%	8%

Source: MSPP/DELAR

Surveillance de la COVID-19, Haïti, 2020
Départements et communes avec cas confirmés de COVID-19
au 28/04/2020



Au niveau mondial
au 28 avril 2020:

2,954,222 cas confirmés, dont 202,597 décès ont été enregistrés, soit une létalité de 6.9% Source: OMS

En Haïti :

- 810 cas suspects
- 76 cas confirmés (48 importés et 28 à transmission locale)
- 6 décès
- 8 guéris
- De ces 76 cas confirmés, 36.8% sont de sexe féminin et 63.2% de sexe masculin

Source: MSPP/DELR



COVID-19 | Sitiyasyon maladi a nan peyi Dayiti **28 avril 2020**
 6 zè nan aswè

810 Ka sispèk

76 Ka konfime

62 Ka aktif

8 Moun ki geri

6 Moun mouri



63.2% Gason

36.8% Fanm

Nan 76 ka konfime yo, gen 48 moun ki trape maladi a nan peyi etranje epi 28 moun trape maladi a nan peyi a.

+ Karantèn nan enstitiisyon **233**

+ Karantèn nan kay **404**

2020

Toujou lave men nou! Ret lakay nou!
Si w gen ijans pou soti, toujou mete kachnen!

UCRP